

**THE MASSACHUSETTS SENIOR LEGAL HELPLINE**  
**(LIY ÈD LEGAL POU PÈSONAJ YO NAN MASSACHUSETTS)**



**(800) 342-5297**



**ÈSKE OU GEN 60 AN OSWA PLIS EPI W BEZWEN ÈD LEGAL ?**

Liy asistans la se yon pwojè *Volunteer Lawyers Project of Boston*. Nou bay enfòmasyon legal gratis ak sèvis kote nou refere rezidan Massachusetts ki gen 60 an oswa ki pi gran kote pou yo jwenn èd.

Liy asistans la ouvè lendi a vandredi soti 9 è nan maten pou midi.

**Èske m ka jwenn yon avoka gratis ?**

Pifò moun k ap telefone yo pap kalifye pou avoka gratis. Defansè dwa moun yo nan liy asistans la ka ede w konnen si w **kalifye** epi ranpli yon aplikasyon pou w ka jwenn sèvis nan men youn nan sèvis legal sivil yo ki nan Massachusetts. Tip lwa sèvis legal yo gen ladan yo : Sekirite sosyal / revni sekirite sosyal, avantaj pou veteran, Mass Health, Medicare, konsomatè, avantaj piblik, chomaj, sezi kay, gaz, dlo, elektrisite, gadyen legal, testaman /enstriksyon alavans, bankwout, zafè kay, lwa famiyal ak mezon retrèt.

**Èske yo ka refere m yon kote kote frè yo redui ak bay avoka prive bawo a ?**

Si w pa kalifye pou w jwenn yon avoka gratis epi ou gen kapasite pou w peye yon avoka, nou ka refere w bay pwogram kote frè avoka redui epi y ap fè w peye a pati kantite lajan ou fè.

Nou ka refere w tou bay pwogram yo kote ou pral wè avoka prive bawo a. Avoka prive yo ap fè w peye pou sèvis y ap ba w yo. Kèk ka tankou erè medikal, endemnizasyon pou aksidan travay, domaj pesonèl, ak lè yo refize ba w avantaj sekirite sosyal yo pa bezwen pou w peye alavans pou w jwenn yon avoka. Avoka yo ap pran frè pa yo a nan lajan y ap dedomaje w la si w genyen ka a.

**Èske m ka jwenn enfòmasyon legal oswa yo ka refere m bay lòt kote gratis ?**

Wi. Defansè w la nan liy asistans la ap pral fè rechèch sou pwoblèm legal ou a epi ba w enfòmasyon oswa refere yon kote pou pifò kesyon legal yo. Nou ka voye ba ou tèks, kouryèl oswa lèt pa lapòs ki gen sit entènèt yo oswa materyèl alekri.

**E si m bezwen èd pou yon bagay ki pa pwoblèm legal ?**

Tanpri, al gade nan lòt bò paj la pou jwenn yon lis konplè ki gen resous itil pou pèsonaj yo nan Massachusetts.

Yon pwojè *Volunteer Lawyers Project of Boston* (Pwojè Avoka Volontè Boston yo) ki finanse ak yon don *Administration for Community Living* (Administrasyon pou viv an kominote)

### **Ki kote m ka jwenn sèvis sosyal oswa resous yo ?**

**Executive Office of Elder Affairs (Biwo Ekzekitif pou Zafè Pèsonaj yo)** (800) AGE-INFO (800-243-4636)

● Pou moun ki soud oswa ki pa tande byen (800) 872-0166

Enfòmasyon sou èd pou medikaman yo preskri, sou bay swen, sou resous kominotè, sou pwogram lokal yo, sou swen lakay, sou zafè kay / enstitiyon kote yo ede rezidan yo ak sou lòt pwoblèm yo. EOEa a ka refere w tou bay pwogram sèvis pou pèsonaj ki nan kominote w la ak sèvis pou amelyore kalite lavi a tankou konsèy nan zafè kay, sèvis pou swen lakay, avantaj piblik, aksè pou swen lasante, èd finansye ak lòt sèvis,

### **Kijan pou m fè rapò lè yo abize pèsonaj yo ?**

**Elder Protective Services (Sèvis Pwoteksyon Pesonaj)** : (800) 922-2275

### **Ki kote m ka jwenn èd pou pwoblèm pwoteksyon konsomatè ?**

**Attorney General's Elder Hotline (Liy asistans komisè gouvènman an pou pèsonaj)** (888)-AG-ELDER (1-888-243-5337)

Sèvis nan telefòn ou ka rele gratis nan tout Eta a ki bay konsomatè yo enfòmasyon ak refere pèsonaj yo nan zafè tranzaksyon konsomatè, fwod nan telemaketing ak eskwokri nan zafè reparasyon kay.

### **Kilès ki ede pèsonaj yo ki se pwopriyetè kay ak pwoblèm finansye yo ?**

**Òganizasyon ki rele «Homeowner Options for Massachusetts Elders (H.O.M.E.) »**

[www.elderhomeowners.org](http://www.elderhomeowners.org) (978) 970-0012 ● 1-800-583-5337

H.O.M.E. bay pèsonaj ki pwopriyetè kay yo, ki gen ti revni oswa revni mwayen, konsèy byen klè anndan lakay yo nan pwoblèm finansye ak nan zafè ki konsène moun ki mèt kay pou ede yo reyisi nan rete lakay yo. Sèvis sa yo gen ladan yo : planifikasyon pou rès lavi yo, fè bidjè, maksimize revni, konsève byen yo, anpeche yo sezi kay yo, pwoteksyon pou konsomatè, konvèti byen yo ak chwa finansye kreyatif espesyalman prepare pou pèsonaj yo.

### **Kisa komite sou vyeyès / sant pou pèsonaj yo ye ?**

Komite sou vyeyès yo se yon seri ajans meri yo anplwaye pou ofri yon pakèt resous, ki gen ladan yo : chache ak plede pou moun jwenn kay, sèvis sosyal, èd nan ranpli aplikasyon pou avantaj gouvènman yo ak sèvis kominotè yo, sèvis tradiksyon ak plede pou gen tradiksyon, èd nan transpò, edikasyon, amizman ak aktivite sosyal, sèvis kont abi ak neglijan, resous lasante mantal, pwogram ekzèsis, opòtinite pou fè volontè, sèvis repa / manje, plede pou swen lasante, fòmasyon nan teknoloji ak yon pakèt lòt bagay.

Pou w jwenn komite sou vyeyès nan komin pa w la, al nan [www.mcoaonline.com](http://www.mcoaonline.com) or [www.mass.gov](http://www.mass.gov), oswa rele meri nan komin oswa nan vil ou a.

### **Ki kote m ka jwenn èd ak Medicare/Health?**

**MA Executive Office of Elder Affairs (Biwo Egzekitif Zafè Pèsonaj Massachusetts yo)** : Òganizasyon ki rele «Serving the Health Insurance Needs of Everyone (SHINE) »

[www.800ageinfo.com](http://www.800ageinfo.com) (800) AGE-INFO 800-243-4636 ● Pou moun ki soud oswa ki pa tande byen (800) 872-0166

Enfòmasyon sou asirans lasante gratis, asistans ak konsèy pou moun tout laj ki gen Medicare Ede konpare kou ak avantaj plizyè plan lasante, eksplike avantaj Medicare ak lòt chwa asirans yo tankou Medigap, HMOs, MassHealth ak chwa preskripsyon medikaman yo, ak èd nan enskripsyon, reklamasyon, zafè bòdwo oswa nan pwoblèm lè yo refize yo swen.